

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang**

Kaparigelan basa dina kurikulum di sakola ngawengku kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Kaparigelan basa ieu salawasna silih pangaruhan sarta raket patalina jeung prosés-prosés nu jadi dasar makéna basa. Maca mangrupa salahihji kaparigelan basa nu wajib dikawasa ku siswa.

Nurutkeun Hodgson (dina Sudaryat, 2015, kc. 9) yén maca bisa dianggap hiji prosés nu dipilampah tur dipaké ku nu maca pikeun nyangking pesen anu ditepikeun ku nu nulis ngaliwatan kecap-kecap atawa basa tulis. Nurutkeun Finochiaro jeung Banomo (dina Tarigan, 2015, kc. 9) yén *reading is bringing meaning to and getting meaning from printed or written material*. Hartina maham kana harti jeung ma'na anu nyangkaruk dina bahan tulis. Siswa ngama'naan remen disebut nyangkem eusi bacaan anu mangrupa kagiatan pangdasarna tina prosés maca. Ésensi tina kagiatan maca mangrupa pamahaman bacaan.

Dina pangajaran maca, siswa di sakola teu salawasna mampuh ngahontal kaparigelan maca. Kurangna pamahaman jeung kasadaran siswa kana eusi anu dibacana jeung guruna teu bisa ngawangun suasana diajar anu kréatif jeung inovatif jadi hal anu ngabalukarkeunna. Siswa teu bisa ngamekarkeun pangaweruhna jeung poténsi nu aya di dirina ku sabab kagiatan diajar-ngajar anu monoton jeung kurangna interaksi siswa jeung guruna.

Aya sababaraha hal anu ngabalukarkeunna, di antarana siswa ngan saukur maca alatan pancén atawa kawajiban anu dikudukeun ku guruna, sarta kurangna pamahaman jeung kasadaran siswa kana eusi anu dibacana. Bangbaluhna di antarana waé teu ngarti kana naon anu dibacana atawa horéam maca tur teu kairut pikeun maca. Hususna dina pangajaran maca carita pondok.

Dina pangajaran maca carita pondok, anu ngalantarankeun kurangna kamampuh maca siswa kana maca carita pondok nyaéta guru kurang méré lolongkrang ka siswa pikeun aktif dina prosés diajar-ngajar maca carita pondok. Kondisi éta kurang ngarojong kamampuh maca siswa, antukna siswa kurang aktif, kurang kritis, jeung henteu kréatif.

Nilik kana kaayaan nu dipedar, dibutuhkeun pisan guru anu bisa ngabimbing siswa pikeun ngamekarkeun jeung ngaronjatkeun kaparigelan anu dipikabutuh ku siswa dina pangajaran maca carita pondok. Diperedih guru anu kréatif tur inovatif anu miboga métodeu-métodeu pangajaran anu merenah pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa. Merenah jeung henteuna métodeu anu digunakeun ku guru dina prosés diajar-ngajarna mangaruhan pisan kana kasuksésan pangajaran di kelas.

Métodeu *dramatic reading* salasahiji métodeu anu bisa dilarapkeun dina pangajaran maca carita pondok. Métodeu *dramatic reading* mangrupa métodeu latihan drama ku cara méré latihan maca téks drama. Ngagunakeun métodeu *dramatic reading* dina pangajaran basa, lian ti ngaronjatkeun kaparigelan maca, métodeu *dramatic reading* ogé ngandung mangpaat pikeun ngaronjatkeun aspék-aspék séjén kayaning: ngalatih siswa sangkan wantér, ngalatih imajinasi siswa, jsté. Métodeu *dramatic reading* dina pangajaran maca carita pondok ngagunakeun téks carita pondok salaku naskahna. Ieu métodeu dianggap leuwih ngirut sabab siswa bisa leuwih éksprésif jeung bisa méré lolongkrang anu gedé pisan pikeun mangaruhan karep maca. Kajaba ti éta siswa bisa leuwih mikaresep dina milu pangajaran carita pondok.

Dina métodeu *dramatic reading* siswa bisa leuwih aktif dina pangajaran maca carita pondok, ku ieu métodeu ogé siswa bisa ngéksprésikeun, ngaimajinasikeun éta carita pondok anu balukarna ngaronjatkeun siswa sangkan leuwih aktif, kritis jeung parigel dina pangajaran maca carita pondok.

Anapon dina ulikan pangajaran nu medar ngeunaan penerapan métodeu *dramatic reading* nu geus aya nyaéta “Métode *Dramatic Reading* Dina Pangajaran Maca Dongeng (Studi Kuasi Ékspérимén ka Siswa Kelas X MAN Awipari Kota Tasikmalaya Taun Ajaran 2013/2014” (Skripsi Ade Irma Tripani, 2014). Hal anu jadi sasaruan jeung anu rék ditalungtik nyaéta métodeu *dramatic reading*. Sedengkeun anu ngabédakeunana nyaéta matéri ajar jeung sumber data nu rék ditalungtik.

Ieu métodeu can kungsi ditalungtik éféktif henteuna dina nepikeun matéri pangajaran maca carita pondok. Ku kituna, dilaksanakeun panalungtikan anu dijudulan ‘Métodeu *Dramatic Reading* dina Pangajaran Maca Carita Pondok

(Panalungtikan Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2015/2016).”

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan medar kumaha métodeu *dramatic reading* dina pangajaran maca carita pondok (panalungtikan kuasi ékspérimén ka siswa kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung taun ajaran 2015/2016). Dina ieu panalungtikan diwatesanan ngeunaan maca pamahaman. Dina carita pondok diwatesanan ngeunaan unsur instrinsikna hungkul anu ngawengku téma, galur, latar, tokoh/watek, gaya basa, puseur panitén jeung amanat.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh maca carita pondok siswa kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun métodeu *dramatic reading*?
- 2) Kumaha kamampuh maca carita pondok siswa kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung taun ajaran 2015/2016 sanggeus ngagunakeun métodeu *dramatic reading*?
- 3) Kumaha bédha signifikan antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun métodeu *dramatic reading* kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung taun ajaran 2015/2016 dina pangajaran maca carita pondok?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Anapon tujuan tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum, nyaéta hayang nguji métodeu *dramatic reading* dina ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung dina pangajaran maca carita pondok.

### **1.3.2 Tujun Husus**

Tujuan husus tina ieu panalungtikan, nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh maca carita pondok siswa kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung saméméh ngagunakeun métodeu *dramatic reading*;
- 2) kamampuh maca carita pondok siswa kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung sanggeus ngagunakeun métodeu *dramatic reading*;
- 3) bédá anu signifikan antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun métodeu *dramatic reading* ka siswa X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung dina pangajaran maca carita pondok.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis, jeung mangpaat praktis.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngadeudeulan jeung ngajembaran cara ngajar pangajaran basa Sunda, hususna métodeu pangajaran maca carita pondok siswa kelas X MIPA-1 SMA Negeri 7 Bandung taun ajaran 2015/2016.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis mangpaat tina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) pikeun guru, dipiharep bisa mantuan guru dina ngokolakeun pangajaran maca carita pondok ngagunakeun métodeu *dramatic reading*;
- 2) pikeun siswa, dipiharep siswa bisa kairut jeung ngaronjat motivasina nalika diajar maca carita pondok, sarta bisa numuwuhkeun kaaktifan siswa dina milu diajar di kelas;
- 3) pikeun nu maca, dipiharep mangpaat métodeu *dramatic reading* bisa dilarapkeun ogé dina pangajaran maca carita pondok di SMA/SMK/MA;
- 4) pikeun nu nulis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngamekarkeun kamampuh dina panalungtikan pangajaran maca.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bubuka anu ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan pustaka, raraga mikir, jeung hipotésis, anu ngawengku wangenan métodeu pangajaran, *dramatic reading*, maca, carita pondok, métodeu *dramatic reading* dina pangajaran maca carita pondok, panalungtikan saméméhna, jeung kalungguhan tiori.

Bab III mangrupa métodologi panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

Bab IV eusina ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran anu ngawengku kamampuh maca carita pondok saméméh jeung sanggeus ngagunakeun métodeu *dramatic reading*, uji sipat data anu ngawengku uji normalitas, uji homogenitas, uji gain, uji hipotésis, jeung pedaran hasil panalungtikan.

Bab V medar kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan métodeu *dramatic reading* dina pangajaran maca carita pondok.